ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№168 (23.326) ● 2016 гъэм шыщхьэІум (августым) и 30, гъбж ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щыхуэзащ «Урысей мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ Патрушев Д. Н.

КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щыхуэзащ «Урысейм и мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ Патрушев Дмитрий.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныкІэ, мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхьэхэм я рынокыр эзблагъэкІыныкІэ 2020 гъэм нэсыху тещІыхьа къэрал программэр гъэзэщІа зэрыхъум. Апхуэдэу гупылъ хуащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ згъэхьэзыра инвестицэ проектыщІэхэр ахъшэкІэ къызэгъэпэщыным, бизнесым и Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ зэман кІыхькІэ зэщІыгъуу зытелэжьэну Іуэхуэхэр.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщхьэхуКІащ республикэм мэкъумэш продукцэ кІыкІыщэлэжьхэр икІэщыпІэкІэ зыхуэныкъуэ кредитхэр яритыну банкыр зэрыхьэзырыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Козак Дмитрийрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ тепсэгъыхьащ республикэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ дяпэкІи зэрызиужьынум

Дыгъуасэ Москва щызэхэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Козак Дмитрийрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ я зэІущІэ.

АХЭР нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьар республикэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ адэкІи зэрызиужьынум, бюджетхэм я зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэным, щІыналъэм хэхъуэ нэхъыбэ иІэныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр къэгъэсэбэпыным пыщІа Іуэхуэхэр. ЩІыналъэм и бюджетыр нэхъ зэтеухуауэ щытын папщІэ республикэм игъэт хъарал дэІэпыкъуныгъэм къыхуащІагъуныкІэ щыІэ Іэмалхэми хэпльащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Ди зэманым и лІыхъужь Джэду Іэниуар

● Репортаж

Бразилием и къалащхьэ Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм бэнэкІэ хуитымкІэ Урысей Федерацэм дыжьын медаль къыхуэзыхьа адыгэ щІалэ, къэралым и спортым и зыужьныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэ къалъытэу иджыблагъэ УФ-м и Президент Путин Владимир «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и медалым и япэ нагъыщэр зыхуигъэфэща Джэду Іэниуар Ставрополь краймрэ ди республикэмрэ я щІыналъэр щыІэныхьэ Тамбукъан гуэлым дежи щэбэтыкІ Іэтауэ къыщырагъэблагъэжащ.

КъБР-м и вице-премьер **Битокъу Владимир**, КъБР-м спортымкІэ и министр **Хьущт Аслъэнбэч**, Дзэлыкъуэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Джатэ Руслан**, республикэм и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лІыкІуэхэр, Нэхъыжьхъэм я Совет тым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр, Дзэлыкъуэ районым исхэр, Джэду Іэниуар текІуэныгъэр къихьыным «ирисымэджа», абы ирипІейтея, спортыр фІыуэ зыльагъу цІыху щэбжыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыдэкІуэу къэрал псор зэрыгъушхэ, адыгэм ди щхьэр лъагэу дзэзыгъэлъагъэжа, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа щІалэм гуапэу Іущащ, и сурэтхэр зытет плакатхэр яІыгъыу.

Адыгэ фащэ кІыкІэ зэщцыхуэпыкІа зы щІалэрэ пащащэрэ Іэниуар шыгъупІастэрэ махъсымэ фалъэхІэ пежьащ. Джэдур и ныбжьэгъу щІалэхэм щІым намыгъэсу іІэтащ, и ехьэлІэныгъэм зэрригъэгушхуар, хуабжьу зэрригъэгуфІар къаГъэлъагъуэу.

Къызэхуэсахэм Іэниуар фІыщІэ, щытхъу, хъуэхъу псалъэхэмкІэ зыхуагъэзащ, Іэджэм ефІэкІыу утыку зэритам, лъэщагъышхуэ дэплъагъуу текІуэныгъэм зэрыщІэбэнам папщІэ. ЩІалэгъуалэм лІыхъужьым джэгу хуэзхащэри, якъагъэфащ.

Адэкіэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм и бжэІупэм республикэм и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алийрэ** япэ вицепремьер **Говоров Сергейрэ** Джэду Іэниуаррэ абы и гъэсакІуэхэу Къазий Алексейрэ Хъэсанэ Арсенрэ гуапэу къащыІущІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий** и пэкІыым ахэр иригъэблагъэри, фІэхъус къарихащ. Республикэм и Іэтащхьэр Джэду Іэниуар щехъуэхъум къыхигъэщащ Олимпиадэм лІыгъэшхуэ къызэрыщигъэлъэгъуэм мыхьэнэ ин дыдэ зэриІэр, ар лІыхъужьым щыІэныгъэм, шыІэныгъэм, и Хэкум лъагъуныгъэшхуэ зэрыхуиІэм зэрищІапхъэр.

- Ди чемпионэм иджыри зэ дуней псом наІуэ щыфІщІащ Урысейр пъэныкъуэ псомкІи къэрал нэхъ лъэщу зэпымыууэ зэрыщытар, зэрыщытыр икІи зэрыщытынур. УФ-м и Президентми уи зэфІэкІ лъагэр къыпльытэу, дамыгъэ лъапІэ къызэрыгъэпхуитэфэщам дрогушхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр иІуэтэжыгъуеиІщ. Псыгъэнсу къуажэм, лъэпкъым, къэралым и цІэр зыІэта щІалэм и къуажэгъуэр адыгэныпІэ къащхьэщыту щыуэ жьапІэ щыхьэпІэм къыщыпежьащ. Гуфіэгъуэр щыІэзэлъащІыса жьылэм джэгур щІэзэхуабІэри пщыхьэщхьэр хэкІуэтэху я спортсмен лІыхъужьыр ягъэлъэпІащ, тыгъэжэр хуащІащ.

Урысей телеканалхэм я хъыбарегъащІэ нэтынхэм къызэрыщатащи, апхуэдэу Олимп лІыхъужьхэм гуапэу щыІущІэфыр, Іэтауэ къыщыгъэзблагъэжар Кавказыращ.

ТЕКІУЭЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Холлаевэ Марзиятрэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур Урысей Федерацэм и къэрал дамыгъэр къратащ

«Законхэр гъэхьэзырым ныжьджэру зэрыхэтым икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ» Геккиев Заур къратащ «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэ медалыр. Абы теухуа указым иджыблагъэ Іэ щІидзащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

Геккиев Заур Къэрал Думэм и еханэ хэхыгъуэм и депутатщ, иджыпсту Федеративнэ къэрал къыдэгъэпэщыкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ.



♦Залымыгъэ кІэлъыхьэрахьэу ягъэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦Тэтэрстан Республикэм и махуэщ. 1990 гъэм Тэтэрстан Республикэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр къащтащ.

♦Къэзахстан Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦1730 гъэм Черкасский Алексей-пщым Невский Александр и орденыр къратащ.

♦1963 гъэм Кремлымрэ (СССР) Унэ Хужьымрэ (США) занщІэу кІуэ связкІэ зэпащІащ. Зым адрейм гурыщхьэу хуищІу, зэрымыщІэкІэ а къэралхэм ядернэ зауэ ямыублэн мурадкІэт а унэхэр щІызэпащІар.

♦Урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ **Левитан Исаак** къызэралъхуэр илъэси 156-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ физик, ядернэ физикэмкІэ щІэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа, Нобель и саугъэтыр химиемкІэ зыхуагъэфэща **Резерфорд Эрнест** къызэралъхуэр илъэси 145-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, бзэхэр щаджу Армавир дэт университетым и профессор, Кубаным щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сэкий (Согуэ) Нурдин** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Медицинэм и доктор, Германием щыІэ Адыгэ хасэм и лэжьыгъэм хэт **Сэлихь (Уджыхъу) Ихьсан** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Сыжажэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Беларусь Республикэм и президент **Лукашенкэ Александр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Атлетикэ хьэлъэмкІэ спортым и мастер, УФ-м щыІэх зиІэ и гъэсакІуэ **Хьэфіыщіэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Хьэрычэтыщ, юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат **Едыдж Едыдж** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● КъБР-м и Правительствэм

Лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм тещІыхьауэ ягъэбелджылы

КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий къыхилъхьэри, Правительствэм и зи чэзу зэІущІэм Іуэхугъуэ 13 щызэпкърахащ. Апхуэдэщ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр къэпльытэным, къэрал мылъкум щыщ объект зыбжанэ муниципальнэ мылъкум хагъэхьэным, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм субсидиехэр зэрыхуэхах щыкІэм, сабий гъэсапІэхэм щІат пщІэм щыщ Іыхьэ зэрыхуэмытыжым ехьэлІаХэр.

ЗЭХЬІХЬЭМ щедэІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ округэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ я органхэм нэгъабэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІагъыр къызэрапщытам экономикэ зыужьныгъэмкІэ министр Рахаев Борис, абы къырикІуэм теухуауэ ищІа докладым. Къэпсалъэхэм къызэхуэсахэм ягу къагъэкІыжащ, зэхуэдэ щытыкІэ яІэн папщІэ, муниципалитетхэм я ІуэхущІафэр зыхуэдэр гупищу зэщхьэщыхуэя къызэрапщытэр. Ящэ гупым Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн къалэхэр, етІуанэм - Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ, ещанэм Аруан, Прохладнэ, Бахъсэн, Лэскэн, Май, Тэрч щІыналъэхэр хэтщ. ИрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІагъыр лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм тещІыхьауэ ягъэбелджылы. Абыхэм ящыщщ социальнэ Іуэхущапіэхэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хьумэным, щэнхабзэм, спортым я Іэнатіэхэм зэрызаужьыр, налогхэмрэ нэгъуэщІу къыхаххэмкІэ къапэщытхэм зэрехъулІэр. Зыхэт гупым бжьыпэр щаубыдащ Налшык къалэм, Дзэлыкъуэ, Аруан щІыналъэхэм. Министрым къызэригъэльэгъуамкІэ, Аруан районым псэупІэу щаухуэм нэгъабэ хуэдипщІкІэ щыхэхъуащ. Ар и фІыгъэщ а Іуэхум мылъку хъарзынэ зэрыхуэзщІагъэуІуэм.

Республикэм узыншагъэр хьумэныкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Асанов Алим къытеувыІащ 2016 гъэм КъБР-м щІыхуэм пщІэншэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щетынымкІэ къэрал шэсыпІэхэм я программэм игъуэта зэхъуэкІынынигъэхэм. Флэкіыпіэншэу зыхуей, мыхьэнэ хэха зиІэ хущхьэхэкІхэу 2016 гъэм къагъэсэбэпынхэмрэ щІыналъэ программэм хуэзэмрэ абыхэм ягъэбелджылы. Апхуэдэу щІыхуэм щеІэзэкІэ дохутырхэм я рецептКІэ пщІэншэу хухахьну хущхьэхэмрэ зи уасэм и зэхуэдитІыр кІэрагъэхунухэмрэ зэхуагъэкІуащ.

ЩІы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ерыстау Ланэ къызэрыхилъхьам тету, республикэм и Правительствэм и Унафэкіэ, «Победа» кинотеатрым и унэр КъБР-м и къэрал мылъкум къыхагъэкІри, Налшык къалэм и мылъкум пщІэншэу хагъэхьащ. Зэрагъэпэщыжа нэужь, кинозал, гуащэ театр, сабий гупжьейхэр абы къыщыщІэІуахыну я мурадщ. Апхуэдэу сом мелуан 12-рэ мин 588-рэ и уасэ «Налшык» ООО-м и мылъкур Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъкум пщІэншэу хагъэхьащ. Абы и устав мылъкум и процент 70-р республикэм Іэщіэлъщ, процент 30-р КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгучъэныгъэм ейщ. КъищынэмыщІауэ, сом мелуан 18-рэ мин 801-рэ и уасэу «Хуабэсервис» акционер обществэм ибыгъа псы кІуэпІэхэмрэ гуэшыпІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъкум хагъэхьащ.

ПсэупІэхэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэм пэкІуэ субсидиехэр къыІахыныкІэ щІыхуэм яІэ хуитыныгъэхэр зэрагъэбелджылыну пщалъэхэр КъБР-м и Правительствэм и унафэкІэ къащтащ. Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ министр Тутыкъу Анзор зэрыжиІамкІэ, зи закъуэу псэу пенсионерымрэ пенсионер зэщхьэгъуэсхэмрэ я унагъуэхэм я хэхуэхэм къыхжяІыну псэупІэхэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ трагъэкІуэдэну Іыхьэхэм ящыщу зыщхьэдэх мыхъуну пщалъэхэр процент 12, адрей цІыхухэм я дежкІэ процент 15 хъуэу 2013 гъэм игъэуващ. Мы гъэм а Іуэхум сом мелуани 149,6-рэ республикэ бюджетым щыхухахащ.

КъБР-м и Правительствэм и унафэ зыбжанэм зэхъуэкІыныгъэхэр хальхьа нэужь, Урысейм и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэ Надежин Михаил УФ-м къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и министр Пучков Владимир и пщэрыльыр игъэзащІэу, МЧС-м и бгъэхэІу дамыгъэхэмрэ и фэеплъ медалэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэр зезыхьэ Къалэ Замир, КъБР-м и япэ вице-премьер, мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергей, республикэм финансэмкІэ и министр Лыхъ Заур сымэ яритыжащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Іуэхум зеубгъу

«Сабийхэм я къалэр унагъуэхэм я къалэщ» урысейпсо зэхьэзэхуэм ди республикэм зыщеубгъу.

МЫ МАХУЭХЭМ Іуэхум къыхьыхащ Налшык и «Молодёжнэ» хьэлэм щыпсэухэр. Абыхэм къызэрагъэпэща «Старт нэжэгужьхэр» зэпеуэм сабийхэри, ныбжьыщІэхэри, нэхъыжьхэри жыджэру хэтащ. Ахэр гуп-гупу гуэшауэ физическэ щэнхабзэмэ спортымрэ я лІэужьыгъуэ зыбжанэкІэ зэпеуащ. Апхуэдэт кІапсэзэпІекъуэр, Іэпщэрыбанэр, къэжэныр, боулингыр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Махуэшхуэм и щІыхькІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъум зыхуэзъэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым къищтащ махуэшхуэр гъэлъэпІэнэм хиубыдэ Іуэхуэхэр. Мы гуфІэгъуэм ехьэлІа Іуэху нэхъыщхьэхэр республикэм и къалащхьэм щекІуэкІынущ зыщщхьэуІум и 31-мрэ фокІадэм и 1-мрэ.

Зыщщхьэуіум и 31-м:

Сыхьэт 11-м КъБКЪУ-м медицинэмкІэ и колледжым гуфІэгъуэ дауэдапщэ къыщыщэрагъэпэщ а еджапІэм и унэр зэрагъэпэщыжауэ къызэрызэІуахыжьм и щыхькІэ.

Сыхьэт 14-м КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэІуах республикэм и художникэм я отчёт гъэлъэгъуэныгъэ «2016 гъэм и бжьыхьэ» зыфІащар. Апхуэдэу щхьэхуэу ягъэлъэгъуэнущ лъэпкъ музейм и фондэхэм зэрызэпхьэрэ. Ахэр гуфІэгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм ирихьэлІэу республикэм кърата тыгъэхэрщ.

Сыхьэт 15-м КъБР-м Гъуэзджэхэмкіэ и музейм къыщызэІуах сурэттеххэм я лэжьыгъэхэр щагъэльагъуэ «Налшык - лъагэныгъэм и тхыдэ... Унагъуэ альбом» сурэт выставкэр.

Фокіадэм и 1-м:

Сыхьэти 9-м щегъэжьауэ муниципальнэ еджапІэ псоми щекІуэкІынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъум, ЩІэныгъэм и махуэм ятеууэа дерс зэІуахэмрэ лекцэхэмрэ.

Сыхьэти 10-м «ЩІыхьым и мафІэ мыуэмыхьыкъ» мемориалым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ.

Сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 20-м гуфІэгъэ зэзыхьэ Къэбэрдей уэрамым щекІуэкІынущ абы щыщу лъэс зекІуапІэу зэрагъэпэщыжа Іыхьэр къызэрызэІуахьыжьм теухуауэ.

Сыхьэт 11-м Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щекІуэкІынущ музыкэм щыхурагъаджэ кадет корпусыр къызэрызэІуахьым теухуа гуфІэгъуэхэр.

Сыхьэт 12-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм КъБР-м и щІыху пашэхэм къэрал дамыгъэхэр щратыжынущ.

Сыхьэт 13-м республикэ шыгъэжапІэм къыщызэІуахынущ нэгъуэщІ къэралхэм я лІыкІуэхэри зыхэт «Іуащхьэмахуэ и кубок» шыгъажэр.

Сыхьэт 13-м «Восток» кинотеатрым и гупэм деж зэщІыгъуу концерт щатынущ ветеранэм я хорымрэ Налшык музыкэм щыхурагъаджэ и школхэм я сабий хорхэмрэ.

Сыхьэт 13.30-м Ленинымэ и уэрамымрэ Балъкъэр уэрамымрэ я зэблэкІыпІэм деж къыщызэІуах Олимп щыхьым и аллее.

Сыхьэт 14.30-17.00-хэм Абхъаз утым хъэщІэхэр щрагъэблагъэнущ республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ ягъэхьэзыра уней лъапсэхэр. Апхуэдэу мыбы щыІэжьынущ промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я ехьэлІэныгъэхэр щагъэльагъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» выставкэр.

Сыхьэт 18.00-19.30-хэм ЗэгурыІуэныгъэ утым щекІуэкІынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуа махуэшхуэ концерт.

Сыхьэт 19.30-м Абхъазым и утым махуэшхуэ салют щатынущ.

Сыхьэт 20-м Къэбэрдей уэрамым тет «Победа» кинотеатрым и гупэм къыщызэрагъэпэщынущ «Налшык фІыуэ слъагу си къалэщ» арт-фестивальр.

А зэман дыдэм ЗэгурыІуэныгъэм и утым къыщызэІуахынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм теухуа кинофестиваль.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узэпэгэкіыр къопэгэкіыж.

Лэжьыгъэ купщІафІэхэр къызэзынэкІа, ноби зи зэфІэкІыр лъагэ Сыжажэ Валерий

Шыщхьэуіум и 30-м и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал, спорт Іуэхухэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа, футболымкІэ ди «Спартак» командэр къыщызэрагъэпэщам ялэ дыдэу хьыхьэм ящыщ зы, абы и капитану щыта, СССР-м спортымкІэ и мастер, Налшык къалэм и Іэтащхьэу, КъБР-м и Президентым и чэнджэщгъэу илъэс куэдкІэ псэ хьэлэлу лэжьа, иджыри хуэфэщэн жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ Іэнатіэ езыхьэкІ Сыжажэ Валерий.

И адэр

Сыжажэ Валерий 1941 гъэм шыщхьэІум и 30-м Плановскэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Хьусен 1939 гъэм советыдзэм и гъунапкъэхъумэхэм къулыкъу щищІэну ираджащ. 1940 гъэм СССР-м и ГБ-м и НК-м и Школ нэхъыщхьэм щІагъэтІысхьащ. Сталин Иосиф и бжэм джэ хьумакІуэу щытащ. 1941 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м Мэзкуу и Уг Пльыжьым щекІуэкІа парадым хэтри, кьалащхьэм и зыхъумэжьныгъэр къызэгъэпэщ щІа, папщІэ зэхагъэува къалэн пыухыкІа зиІэ мотострелковэ бригадэу (ОМСБОН) къэрал унафэщІым езым и унафэм щІигъэувам хэту Волоколам шоссеем и лъэныкъуэмкІэ иунэтІащ. Мэзкуу и Іэшэпъашхэм щекІуэкІа зэзауэр щигъэта нэужь, ОМСБОН-р тІасхъэщІэх ежаплэм ягъэкІуащ, бийм и щІыбагъым диверсие лэжьыгъэхэр зэрырагъакІуэкІым зауэлІхэр хуагъэхьэзырыну. А еджаплэм Хьусен къыщыдеджащ тІасхъэщІэх гъуэгджэ, Совет Союзым и ПІыхьужь Кузнецов Николай. Абыхэм я егъэджакІуэу щытащ Судоплатов Павелрэ «Ар къыщыхъуар Ровнэ пэмыжьжьэут» тхыльыр зытха Медведев Дмитрийрэ.

Сыжажэр апхэдэу яхэтащ Украинэм щыІэ гестапэм и унэр къэзыгъэуахэм, 1943 гъэм ар Тегеран ягъэкІуащ «шэрджэс бзагуэ» хуэдэу. Абы и кьалэнт Сталин Иосиф эыуКІну зыгъэхьэзырхэр сэтей къищІыну. Сталинград зауэм иужькІэ ОМСБОН-м хэт цІыху 45-м я гъуэгу Энгельс кьалэм ягъэкІуащ фашистхэм я телъхьэ тІасхъэщІэхь гупхэр ягъэкІуэдыну. Водолаз костюмхэр ящыгъэІуу аэрр Волгэ псым гъэпщкІуауэ зэпрыкІащ Іэщэр якІэрыщІауэ. Абы екъэлІа операцэр фІы дыдэу зэфІэкІащ - зэрыпхъуакІуэхэм я телъхьэхэм и ныкъуэр ягъэкІуэдащ, адрейхэр гъэр ящІащ.

Дунейм тетыхукІэ Сыжажэ Хьусен илъэсым тІэунейрэ Мэзкуу ирагъэблагъэу щытащ, - накъыгъэм и 9-мрэ щэкІуэгъуэм и 7-мрэ.

ЩІэныгъэмрэ Налшык и «Спартак»-мрэ

Сыжажэ Валерий ялэ классым Бахъсэн къалэм 1948 гъэм щыкІуащ. КлассипщІыр къыщиухар Налшык дэт курыт еджаплэ №25-ращ. Школым щыщІэса лъэхъэнэм ар хуабжьу спортым дихьэхыу щытащ: бокс, футбол, атлетикэ псынщІэ. Метрищэм къыщыздэжьнымрэ жьыкъу лъэныкмкІэ еджаплэм и чемпиону щытащ. ЕпщІанэ классым щэсу лъэпощхьэпохэр къызэранэкІыурэ, метри 110-м къыщыздэжьнымкІэ Урысейм и школакІуэхэм я деж щекІуэкІа Спартакиадэм пашэ щыхьащ.

1958 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженер-техникэ факультетым щІэтІысхьащ икІи ар 1963 гъэм ехьулІэныгъэкІэ къиухащ. А зэманым Валерий спортыр зэи ІэщІыб ищІакъым. Ар КъБКъУ-м и командэ къыхэхахэм хэту футбол, волейбол, баскетбол джэгуащ. Абы къыдеджащ республикэм и мызакъуэу, къэралым щыщІэрыІуэ Сэхъу Владимир, Къэрмокъуэ Хьэчим, Адыгэ Республикэм щыщ ХъутІыжь Аслъан.

1959 гъэм, еджаплэм щІэсу, ар ирагъэблагъащ Налшык и «Спартак» футбол командэм. Еджэнымрэ дзэм кулыкъу щищІэнымрэ папщІэ зэпигъэууэрэ, Валерий абы 1970 гъэ пщІондэ щыджэгуащ. 1968-1969 гъэхэм ар ирагъэблагъэащ РСФСР-м и командэ къыхэхам икІи зэІущІэ 12 абы хэту иригъэкІуэкІащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу Урысейм и футболист нэхъыфІ 11-м яхэхуащ. А псом я фІыгъэкІэ, 1970 гъэм накъыгъэм и 9-м «Динамо» стадионым футболист цІорыІуэ Симонян Никитэ абы къыщиритыжащ «СССР-м спортымкІэ мастер» бгъэхэІумрэ абы щыхьэт техъуэ тхьылъымрэ.

- Илъэс куэдкІэ сэ Налшык и «Спартак»-м и капитану сыщытащ. А зэманым къриубыдэу си гъуэгу зэІущІэ губгъуэм къинхьащ футболист цІэрыІуэхэу Іэпщэ Александр, Алдышев Анатолий, ПІащ Хьэсэнбий, Гогибедашвили Заур, Ещтрэч Владимир, Ильин Валерий, Санэшокъуэ Владимир, Литвинов Борис, Давыдов Игорь, Лий Владимир, Шаповалов Анатолий, Туаев Къазбэч, Чистохвалов Юрий сымэ, нэгъуэщІхэри, игу кьеГъэкІыж Сыжажэм. - Футболым сыщыхэта лъэхъэнэхэр - ар илъэс насыпыфІэхэт, си хьэлымрэ Іэпкълъэпкъымрэ запсыхьащ, ныбжьэгуГъэр зищысыр къэсщІащ. АбыкІэ фІыщІэ зэуэм иужькІэ ОМСБОН-м хэт цІыху 45-м я гъуэгу Энгельс кьалэм ягъэкІуащ фашистхэм я телъхьэ тІасхъэщІэхь гупхэр ягъэкІуэдыну. Водолаз костюмхэр ящыгъЫу аэрр Волгэ псым гъэпщкІуауэ зэпрыкІащ Іэщэр якІэрыщІауэ. Абы екъэлІа операцэр фІы дыдэу зэфІэкІащ - зэрыпхъуакІуэхэм я телъхьэхэм и ныкъуэр ягъэкІуэдащ, адрейхэр гъэр ящІащ.

Дунейм тетыхукІэ Сыжажэ Хьусен илъэсым тІэунейрэ Мэзкуу ирагъэблагъэу щытащ, - накъыгъэм и 9-мрэ щэкІуэгъуэм и 7-мрэ.

ЩІэныгъэмрэ Налшык и «Спартак»-мрэ

Сыжажэ Валерий ялэ классым Бахъсэн къалэм 1948 гъэм щыкІуащ. КлассипщІыр къыщиухар Налшык дэт курыт еджаплэ №25-ращ. Школым щыщІэса лъэхъэнэм ар хуабжьу спортым дихьэхыу щытащ: бокс, футбол, атлетикэ псынщІэ. Метрищэм къыщыздэжьнымрэ жьыкъу лъэныкмкІэ еджаплэм и чемпиону щытащ. ЕпщІанэ классым щэсу лъэпощхьэпохэр къызэранэкІыурэ, метри 110-м къыщыздэжьнымкІэ Урысейм и школакІуэхэм я деж щекІуэкІа Спартакиадэм пашэ щыхьащ.

1958 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженер-техникэ факультетым щІэтІысхьащ икІи ар 1963 гъэм ехьулІэныгъэкІэ къиухащ. А зэманым Валерий спортыр зэи ІэщІыб ищІакъым. Ар КъБКъУ-м и командэ къыхэхахэм хэту футбол, волейбол, баскетбол джэгуащ. Абы къыдеджащ республикэм и мызакъуэу, къэралым щыщІэрыІуэ Сэхъу Владимир и пІэкІэ.

● Дифі догъэлъапІэ

Сыжажэм и псалъэхэм къызэрыхэщыжьымкІэ, 1975-1985 гъэхэу абы щыпэрытар зэман хэлъпэт. Ауэ, апхэдэу щыт пэтми, ар лэжьыгъэмрэ гъащІэмрэ зыпсыхь Іэнатіэт. А илъэсипщІым курыуБыдэу абы и нэІэ щІэту лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ: Кьыщпэк къуажэм къыщыщІэдзауэ Налшык, Бахъсэн кьалэхэм, Бахъсэнёнкэ, Дыгулыбгъуэй жылагъуэхэм псы зрикІуэ бжьамийхэр дашащ, тролейбус кІапсэхэр яукъуэдиящ, кьалащхьэм котельнэ зыбжанэ щаухуащ, Налшык, Тэрч кьалэхэм, нэгъуэщІхэми псы хьумапІэхэр къыщызэрагъэпэщащ, республикэм и щыналъэ псоми газ, электрокъару, канализацэ, псэупІэр егъэфІэкІуэным ехьэлІа нэгъуэщІ Іуэхущапіэхэр къыщызэІуахащ.

1981 гъэм Сыжажэ Валерий къыхуагъэфэщащ ГуащІэдэкіым и Бэракъ Пльыжь орденыр.

- 1985 гъэм КПСС-м и обкомым и апэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ и деж сриджащ. Абы махуитІ хуэдизу илэ къыхуэу ар епльащ ЖКХ-мкІэ министерствэм и унэщІэу езым и унафэкІэ Мэстафэ Владимир иригъэхууам. Мэлбахъуэр тІуми къыдэшхыдат а ухуэныгъэм щхьэкІэ, абрагъуэлІуэу едгъэхууауэ къильытэри икІи ди къулыкъуэхэм дытригъэкІыну жиІэри къыхтхэгубжьауэ щытащ. Володя зыри пидзыжакъым, сэ сыкъэпсалъэри жысІащ апхэдэу къэхъуащ, си фІэфІ дыдэу сабийхэр е «Спартак»-р згъэсэну сыззрыкІуэфэнур. Ар къыпыдыхьэшхыкІри кІуэжащ, - жеІэж Сыжажэм. - Куэд дэмыкІыу Мэлбахъуэр къыздэжь. Пэжыр жысІэнщи, къызэшхыдэну си гугъащ. Нэгъуджэр и натІэм дригъэкІуэтэйри, зыкъысхуигъэзащ: «Сыт укъызытеуВыІар, Хьусен и къуэ Валерий. Уи адэр апхэдэду Іулыдж хэмылъу щытакъым, сэ ар фІыуэ сцІыхуащ». «Сэ, Тимборэ Къубатиевич, пэжыр жысІауэ аращ, партым дызэригъэсам хуэдэу», - жэуап изотыж абы. Зы дакъикъэ хуэдизкІэ зыри жимыІэу щысри, зэуэзэпсу и макъым зригъэІэту жеІэ: «Партым и кьалэ комитетым, ещанэ къатым кІуэи, етІуанэ секретарым и пашьр убыд, икІи уэзрыщытым хуэдэу жыджэру, пэжыгъэ пээльу лажьэ. ЕкъулІэныгъэ уиІэну!».

Илъэсиплікіэ Шинкарёв Николай, адэкІэ, дызэрыцыкІуэр си ныбжьэгъу Губин Геннадий, и гъуэгу сызэрылэжьа илъэсхэр хуэунэтІауэ щытащ промышленнэ предприятэхэм я щытыкІэр зэтегъэувэжьыным.

Кьалэ унафэщІ

- Мэлабхъуэ Тимборэ и пІэкІэ обкомым и апэ секретару кьагъэкІуат Елисеев Евгений. 1989 гъэм абы и деж сриджащ икІи си адэанэм, си унагъуэм, си псэупІэр зыхуэдэм къыщІэупщІэу щІидзащ. Сэ абы жесІащ пэшищ хьу фэтэрым цІыхуих дызэрыщыпсэур. А щІэупщІэныгъэхэр щІигъэкІуэкІыр къызгурыІуэрэтэкъым. АдэкІэ псори наІуэ хъужащ - нэхъапэІуэкІэ тІэунейрэ абы къыхуигъэлъэгъуауэ щытащ кьалэ исполкомым и унафэщІ къулыкъур, ауэ сэ здатэкъым. Иджы абы нэхъ тригъэчыныхьу жиІащ: «Ноби аргуэру къыпхуэзгъэлъэгъуа Іэнатіэм уельэпауэмэ, фэтэр нэхъ ин кьуэзгъэтынукъым (и зэманым си чэзур къэсауэ ялэ дыдэу спиттІ)». Арати, къулыкъум арэзы сытехьащ. А лъэхъэнэм кьалэ исполкомым и унафэщІу лажьэр Хьурей Феликст, ауэ ар зэрыІукІымкІэ заявленэ итхакІэт, - игу кьеГъэкІыж Сыжажэ Валерий.

Дапхэдэдзу къулыкъу лъагэмэ, икъукІэ хьэлъэщ икІи жэуаплныгъэшхуэ зыпылъщ кьалэ унафэщІу ущытынэр. Сыжажэ Валерий я пашэу, абы кьыдэлэжьаХэмэ кІаруушхуэ халъхьащ кьалэдэсхэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэным. Псом хуэмыдэу щІэгъэкъуэнышхуэ ягъуэтащ зи Іуэху хуэмышІауэ псэухэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, унагъэшхуэхэм, сымаджэхэм, псом ялэрауэ, сабийхэм.

Кьалэдэсхэм гугъуехь куэд дашэчащ псы ежхьыпІэ бжьамийхэр щыдалъхьэ лъэхъэнэм. Ауэ ар щымыІамэ, иджыпсту сыт хуэдэ щытыкІэт уэшх нэужьым кьалэдэсхэр зэрыхуэнур? Сыжажэм Франджым къриша пхъэнкІий идзыпІэ цІыкІухэм хуэдэ щэ бжьгъэхэр кьалэ кІуэцІым дагъэуващ, розэу 1 мелуаным щІигу хасащ, нэгъуэщІхэри зэфІагъэкІащ. Мыр цІыкІуцІыкІуу зэхэт, зэ еплъыгъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зимыІэ Іуэхугъуэу къыпщыхьу щхьэкІэ, къыздэсхэуауэ ухэплъэжмэ, икъукІэ лэжьыгъэ купщІафІэщ, къарушхуэрэ зэманрэ зытекІуадэщ.

Президентым и чэнджэщгъэу

Кьалэ унафэщІым къыкІэлъыкІуэу Сыжажэ Валерий ирагъэблагъащ КъБР-м и Президент КІуэкІуэ Валерий и чэнджэщгъэу. Абы и пщэ щыздэхуащ узынщагъэр хъумэныр, щэнхабзэр, егъэджэныгъэр, физкультурэмрэ спортымрэ. Абы зэрыщыплэжьа илъэситхум Сыжажэм ЕкІуэцІ зэсбэнащ нэхъапэІуэкІэ зыІэригъэхьа Іэзагъыр.

- 1993 гъэм Налшык и «Спартак»-м и джэгуакІэр щІагъуэ дыдэтэкъым. КІуэкІуэ Валерий чэнджэщгъум и кьулыкъум теухуауэ къыщызэпсалъэм, абы къыхсхурибжэкІащ си нэІэ щІэтыну унэтІынигъэхэр, ауэ спортым теухуауэ зы псалъи хэттэкъым, - игу кьеГъэкІыж Сыжажэм. - Сэ абы жэуап изотыж: «Сэ сыуэкІуэщ, нэхъапэм сыспортсменащ, ауэ унэтІынигъитІым къищынэмыщІауэ, адрейхэр си нэІэ щІоуэ. Сэ сыхуейт си мыІуэхум си хэмыхьэу фІыуэ слагъу лэжьыгъэм зестыну, «Спартак»-м и унафэщІу сыщытынут». «Сэ нэхъ спэгъунэгъуу ущытыну сыхуейщ дызэрыщІыкІырэ дызэрызэрыщІыхум папщІэ. Ухуеймэ, ЖКХ-мкІэ министру кІуэ е ухуэныгъэмкІэ министру. Нэхъ кьапщтэмэ, Министрхэм я Советым и унафэщІым и кІуэдзэу?» Сэ жэуап естыжащ: «Хьэуэ, ЖКХ-мрэ кьалэ гъэзэщІакІуэ комитетымрэ унафэщІу сызэрыщыІамкІэ срикъуащ». Ар къыпигуфыкІри жиІащ: «Уэрэ сэрэ дыцІыху къынтІэсынтІэкъым, аращи, нэхъапэІуэкІэ къезбэжкІа уи нэІэ щІэтыну унэтІынигъэхэм физкультурэмрэ спортымрэ ХыдогъэхьэІ. Пщэдей лэжьапІэ къыдэкІ, дызэгурыІуакъэ? Еуэ, уи «Спартак»-р лигэ нэхъыщхьэм хэшэ».

1994 гъэм «Спартак»-р зыхэт гупым ещанэ увыпІэр щиубыдащ, къыкІэлъыкІуэ илъэсым япэ лигэм хыхьащ. АбыкІэ фІыщІэ яхуэфащэщ КІуэкІуэ Валерий, Къущхьэ Амырхэн, Батырбеков Ахъмэт, Къуздэкъуэ Мухьэмэд, Кокорин Николай, тренер нэхъыщхьэ Синицин Борис, командэм щыджэгуа дэтхэнэ зыми.

1998 гъэм Сыжажэм къыхуагъэлъэгъащ. КъБР-м и Пенсэ фондыр и унафэм щІигъэувэну, ауэ идакъым, а зэманым абыхэм теухуауэ уголовнэ Іуэху къаІэтати. Ар щымыхъум, КІуэкІуэм ар пэригъэуващ КъБР-м Медицинэ страхованэмкІэ и фондым и унафэщІ къулыкъум.

- А лъэхъэнэм ирихьэлІэу фондыр къызэгъэпэщат Іэщ1агъэлІ нэсхэмкІэ. АбыкІэ фІыщІэ хуэфащэщ си япэкІэ лэжьа, пщІэшхуэ зыхуэсщІ Лъэпщокъуэ БетІал, - жеІэ Валерий. - А гупым са илъэс 65-рэ срикъуху садэлэжащ. 2003 гъэм Урысейм и Фонд нэхъыфІыщым дыхьэкІащ, 2005 гъэм къэралым пашэ дыщыхъуащ, - жеІэ Сыжажэ Валерий. - Гупэу сигу къокІыж Налшык и кьалэ советым сыщылэжьа зэмэрин. 90 гъэхэр лъэхъэнэ хьэлъэу щытащ, республикэр мафІэсым хьихьэнэм зымащІэщ иІэжар, ауэ КІуэкІуэ Валерий и губзыгъагъымрэ Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зыщыІэныгъэмрэ я фІыгъэкІэ, щытыкІэр зэпІэзэрыт хъужащ. ФІыщІэ яхуэощ Совет Нэхъыщхьэм, КъБР-м и Парламентым и унафэщІхэм, депутатхэм, гупэу къызэрысхущытам къыхэкІыу.

Иужьрей илъэсхэм Сыжажэр лэжьащ «Капиталмедицинэ страхованэмкІэ» компанием Ипщэ Федеральнэ щІыналъэм щиІэ и къудамэм и унафэщІым и чэнджэщэгъуу, Налшык къалэ администрацэм и унафэщІым и чэнджэщэгъуу. Иджыпсту ди республикэм и къалащхьэм ПсэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІым и къудзэщ.

Къэралми республикэми пщІэ лъагэ къыхуащІащ Сыжажэм и псэемыблэж лэжьыгъэм. Абы къыхуагъэфэщащ ГуащІэдэкіым и Бэракъ Пльыжь орденыр, «Хэку зауэшхуэм Текіуэныгъэр къызэрыщытхьэр илъэс 20 ирокъу» медалыр, КъБР-м и Президентым и ЩІыхь тхьылъыр. 2001 гъэм къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьэм и щІыхуэм социальнэу кІащхьэщІыжьымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр. Ар экономикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, «ЭкологиемкІэ, щІыхьмрэ дыкъэзыухуреихь дунеймрэ я шынагъуэншагъэмкІэ дунейпсо академием» (МАНЭБ) и членкорреспондентщ.

Сыжажэ Валерийрэ абы и щхьэгъусэ Аллэрэ зэдапІащ къуэрэ пхъурэ. Адэанэр абыхэм ягъэгуфІащ къуэрылъхуэхэмкІэ, пхъурылъхуэхэмкІэ, абыхэм я быныжьхэмкІэ. Аращ насып жыхуаІэжьыр.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Налшык и «Спартак» командэр. *1960 гъэ*

Сыжажэ Валерий футболист ныбжьыщІэхэр егъэгушхуэ. *2015 гъэ*

Хэкъныбзъэ-2016

2016 ГЪЭМ ФОКІАДЭМ И 18-м

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм хэтынухэр хах

Зы мандаткІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14

Къэрал Думэм и депутатхэм я кандидату «Урысей зэкъуэт» партым къигъэлъэгъуа

ЩХЬЭГУЭШ Адэлбий Лулэ и къуэр

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Иорданием и пащтыхьыкъуэ Алий Налшык къалэ къыщыкІуам. *1994 гъэ*

Анзорей дэт сымаджэщым зеужь

● Узыншагъэ

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Асанов Алим лэжьыгъэ ІуэхукІэ щыІащ Нарткъалэ дэт щІыналъэ зэхуаку сымаджэщым иджыблагъэ къудамэ щхьэхуэу гуагъэхьэжа, Анзорей къуажэм дэт сымаджэщым.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, Анзорей дэт, гъэлъэпІи 120-рэ зыщІэт сымаджэщыщІэр ухуэныр 2015 гъэм яухащ. Абы текІуэда мылъкур щІыналъэ бюджетым къыхэкІащ. Мы зэманым Іуэхущапіэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрагъэпэщ, компьютер томограф, эндоскопие комплексу 3, дистанционнэ литотриптер зыщІагъэувэну пэшхэр ягъэхьэзыр. А Іуэхум трагъэкІуэдэну кьаІэрыхьа сом мелуан 200-р федеральнэ бюджетым къыхэкІащ.

Сымаджэщыр эндоскопие хирургиемкІэ, литотрипсиемкІэ, тхы, псантхуэ узыфэхэр зиІэхэм я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэж щІыналъэ зэхуаку центр хъунущ. Къыхэгъэщыпхъэщ а Іуэхущапіэм цІыхухэм щыхуащІэну язынкъуэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр нэхъапэм республикэм къыщызэрагъэпэщыфу зэрыщымытар, абы папщІэ сымаджэхэр нэгъуэщІ щыналъэхэм ягъакІуэрт. А псом къищынэмыщІауэ, сымаджэщым амбулаторэ къалэнхэр игъэзащІэу къэнэжынущ.

Асанов Алим Іуэхущапіэм и дохутыр нэхъыщхьэ Къалэбатэ Рустам хуэзащ, сымаджэщым щекІуэкІ зэхуэхьэныгъэхэм зыщигъэгъэзащ.

- Фи Іуэхущапіэм иджырей технологием и Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуэхьэныгъэхэм щыщІэрыІуэ. Фэ, абы и лэжьакІуэхэм, фи къалэнщ Іэнатіэм щІэуэ къыхьэ Іуэху зехьэкІащІэхэмрэ къалэнхэмрэ фи щІэныгъэкІи Іэзагъкіи фыдекІуну. Мы Іуэхущапіэм зиужьыным республикэм мылъкушхуэ хилъхьащ, абы къыхэкІыи лэжьыгъэр тэмэму щызэтеублауэ екІуэкІын хуейщ, - жиІащ Асановым, сымаджэщым и лэжьакІуэхэм щеспальэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэ.

И лыр фшхы, тхьэмыщкІэхэми яхуэвгуэш

Мусльымэн псоми дэ зэхуэдэ Къурмэн махуэ лъапІэр къоблагъэ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, мы гъэм хьидыр фокІадэм и 12-14-хэм тохуэ. Ар зэлъытар маззэр къыщыунэхуращ.

• Махуэ лъапІэхэр

КЪУРМЭНЫР фарзкъым, ауэ гъэззэщІэн хуей суннэтщ (уеблэмэ, Іэмал зимыІэщ). Абы теухуауэ КЪурІэным къыщыкІуащ Іэят куэд, хьэдисми ахэр зэпкърыхауэ ди пащхьэ кърелъхьэ. «Дэ КЪурмэныр фэркІэ хъеру къэдгъэщІащ. И лыр фшхы, тхьэмыщкІэхэми яхуэзгуэш. ЗыгурыбгъаІуэ, ахэр (къурмэну яукІ псэуущхьэхэращ зи гугъу ищІыр) фэ фи жьІэщІэу Дэ къэдгъэщІащ. Алыхьым фІыщІэ хэзфщІ», - итщ Тхьилъ ЛъапІэм.

Мухьэммэд бегъымбарым жиІауэ хьэдисым къыщыкІуащ: «Фым я нэхъыфІщ къурмэн укІыныр. Шэч хэлъкъым а фи къурмэныр Къемэт махуэм щыхьэту къызэрыувынум. ИкІи абы къыщІэж лъыр щІым нэмыс щІыкІэ, абы къыпэкІуэ псапэр Тхьэм зэрыфхуитхьм».

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Хьэ-Іишэт къеІуэтэж бегъымбар лъапІэм жиІауэ: «ЛъпІэ къигъэкІыным нэхъыфІу Алыхьым илъагъу Іэхуигъуэ щІыхум къурмэн махуэм илэжьыркъым». Адэкіэ хьэдисхэм къыщыдкІуэ къурмэну щІыхум иукІар а зэриукІа теплъэ дыдэм иту къемэт махуэм къыхуэкІуэжьыну, абы и лъыр щІым хэмыткІуэ ипэкІэ Алыхьым и дежь къабыл щыхъуу, Къыщынэмыщіауэ, къурмэныр Ибрэхьим бегъымбарым и суннэтщ.

Къурмэным и Іуэхур нэхъри игъэткІийуэ Мухьэммэд бегъымбар лъапІэм жиІащ: «Хэт иІэ пэтрэ, къурмэн имыукІами, абы ди нэмэз щІыпІэм гъунэгъу зыкъыхуремыщІ».

